ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№249 (22.657) ● 2013 гъэм дыгъэгъаэм (декабрым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsalam

КIуэкIуэ Юрий щIалэгъуалэм яIуощIэ

● Дыгъуасэ

Сурэтыр ЕЛЬКЪЭН Артур трихащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студенту, аспиранту еджэныжкIэ къыхэжаныкIхэм республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэр яритащ. ЗэIущIэр къыщызэIуихым республикэм и унафэщIым къыгъэзэжьыкIащ нэхъыфIу еджэхэм стипендиер етыным хабзэу зэрызэтеувар икIи абы дяпэкIи пащэм папщIэ власт ым и органхэм дяпэкIи яхуэзэфIэкI зэралэжьынур.

«КЪЭРАЛЫМ программэ куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуным хуэгъэзэуэ. А лэжьыгъэм къэралым и Президентым и нIэ зэпымыууэ тетщ. МахуитI япэкIэ Къэрал Советым и зэIущIэм щыхэпльащ УФ-м и Iэтащхьэм нэгъабэ и накъытIэ маэзэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр, абыхэм егъэджэныгъэмрэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъунымрэ теухуахэри яхэту, гъэзэщIа зэрыхьум. ЩIалэгъуалэм ядэIэпыкъунымкIэ Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щокIуэкI», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Республикэм и Iэтащхьэм и стипендие зратахэм екъуIэныгъэщIэхэр къахьыну екъуэхъуащ икIи быдэу жиIащ абыхэм егугъуныгъэрэ IэкIуэльакIуагъэрэ зыхалъхьэ Iуэху псори властым зэрыдиIыгъынур.

Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэр зэрыхуагъэувам теухуа щыхьэт тхыльхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым, ГъуаздджэхэмкIэКавказ Ищхьэрэ институтым, Иджырей гуманитар академием, Пятигорск дзэ лингвистикэ университетым, апхуэдэу Москва дзэ къэрал университетым, Къэзан дзэ къэрал университетым я студенту 40-м, аспиранту 10-м иратащ. Апхуэдэ гулъытэм и жэуапу къэпсэльащ КъБКъУ-м информатикэмрэ управленэмкIэ и факультетым и епIанэ курсым щIэс Вындыжь Исльам. Ар КIуэкIуэ Юрий и къулыкъум зэрыпсэуауамкIэ екъуэхъури, жиIащ езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ Олимпиадэм щылэжьэну студент 200-м щIигъу зэрыкIуэр. Абы къыхигъэщхьэхукIащ студентхэр республикэм и Iэтащхьэм сытым дежи зэрыкъуэтыпхьэр икIи ар щIалэгъуалэм нэхъыбэрэ яIущIэну елъэIуащ. КIуэкIуэ Юрий яхуищIа гулъытэм папщIэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ стипендиехэр зыхуагъэфэщахэм ящыщ нэгъуэщI зыбжанэми.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Юрий аргуэру къытригъэзэжри еджэныжкIэ къыхэжаныкIхэм екъуэхъуащ. Хэхауэ абы фIыщIэ хуищIащ Гнессинхэ я цIэр зезыхьэ Музыкэ академием щIэс Къуэжьокъуэ Дианэ и анэшхуэм, и пхъурылъхум и пIэкIэ сертификатыр къеIызыхыну къэкIуам.

«Нобэ сэ апхуэдэу сохъуэхъу зэпымыууэ къывдэIэпыкъу, щIэныгъэ фэзыгъэгъуэт фи егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ. Абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр мы зэIущIэм къегъэлъагъуэ. Сэ срогушхуэ нобэ сызэрыфщIыгъум икIи быдэу фызоГъэгугъэ къыхэфлъхьэ зэрдэм ядэсIыгъынуу, - зжриIащ къызэхуэсахэм КIуэкIуэ Юрий. Апхуэдэу ар зэIущIэм кърихьэIа псоми ИльэсыщIэмкIэ екъуэхъуащ.

● КъБР-м и Парламентым

Къанокъуэ Арсен сенатор къулыкъур и пщэ иралъхьэ

КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ сессиям и мужьрей зэIущIэр гъубж кIуам екIуэкIащ. Хабзэгъэуэ IанатIэм и УнафэщI Чечеков Ануар зэIущIэр къызэIуихьа нэужь, нэхъыщхьэу зи гугъу ящIыну IуэхумкIэ къыщIадзащ.

ПАРЛАМЕНТЫМ и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, регламентымрэ депутат хабзэмкIэ комитетым и унафэщI Щыхьалы Заирэт жиIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэИ и Советым КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу щыIэ Иуан ФатIимэ езым и жэрдэмкIэ и кулыкъур зэрыщхьэщхьам къыхэкIыу, КъБР-м и депутат Къанокъуэ Арсен сенатор кулыкъур пщэрыль щащIыну «Урысей зэкъуэт» фракцэм къызэрыхилъхьэр. Депутат псори здэзарэзыу Iэ яIэтри, Къанокъуэ Арсен Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI и лыкIуэу зэрагъакIуэр къыздэщащ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и япэ кхуэдэу, «Урысей зэкъуэт» фракцым и Iэтащхьэ Жаным Руслан жиIащ Къанокъуэ Арсен республикэм и Iэтащхьэу щылэжьа илъэсийр зэман тыншу зэрыщымытар, абы и гугъуагъэм емылъытауэ, и IуэхущIафэхэм къыпэкIуа хъерыр нэрылъагъу зэрыхъар. А илъэсхэм республикэм и мыльку зэрыбгъэуар, лэжьыгъэр псэукIэр егъэфIэкIуэным нэхъ тегъэщIауэ зэрыщытар, экономикэм зэрызиужьар, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм епха унэ куэд а илъэсхэм зэращIар, кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ егъэфIэкIуэным Къанокъуэм и къарури зэфIэкIри зэрырихьэлIар.

- Къанокъуэ Арсен и нэIэм щIэту властым и кьудамэ псори зэгурыIуэрэ здзэIужу зэрызэдзэпжьам екъуIэныгъэ куэд, зыужьыныгъэ нэрылъагъу къыпэкIуам, Иджыри сенатор кулыкъум пэрытыру республикэм ифI зыхэль Iуэхухэр зэрихьэу, къетхъэжьэ жэрдэмхэр кьыддиIыгъыу, ар къэрал унафэщIхэм я деж щыпхигъэкIыу къызэрыткъэутынум шэч кьытесхьэркъым, - дыщIигъуащ Жаным Руслан.

Абы и псалъэхэр даIыгъыу, Къанокъуэм тыншу, купщIафIэу зэрыдзэлэжьар, иджыри абыкIэ зэрыщыгугъэр кьыхэщу къэпсэльащ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» фракцэм и унафэщI Кебеков Владимир, Гриневич Валерий (ЛДПР), Щыхьалы Заирэт (Коммунист партI) сымэ.

Къанокъуэ Арсен псалъэ щратым, къыхигъэщащ сыт хуэдэ къулыкъу пэрыхьэми кърагъэза дзыхьыр зэригъэпэжьнур.

- Илъэси 8-м къриубыдэу республикэм щекIуэкI гъащIэр егъэфIэкIуэнырщ нэхьыщхьэу зиужь дитар, жысIэфрыщу жуаплыныгъэшхуэ тхэлъу а Iуэхум дызэрыпэрытар. Нобэ нэрылъагъущ зыужьыныгъэ гъуэгум тету республикэр зэрыкIуатэр, дяпэкIи абы къызэрыпищэнур си фIэщ мэхъу. ФIыщIэ фхуэсощIыну сыхуейщ тыншу дызэгурыIуэу дызэрызэдзлэжьам, сэ схуэдэу цIыхубэр нэхъ зыхуей Iуэхухэр дэгъэкIыным иужь фызэритам, сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн фыкIыязэрысхуэхъуам щхьэкIэ. Лэжьыгъэр итакIэ гъэкIуэтэным лъабжьэ хуэхъур зэкъуэтыныгъэращи, апхуэдэу евгъэкIуэкIыну, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий фыкъуэувэу фызэдэлэжьэну сыхуейщ. КIуэкIуэм сыхуэзащ, сыхьэтитIым щIигъукIэ дызэпсэльащ. Сэ кьыхэзгъэщащ республикэм щыпсэуэм я Iуэхур сыт щыгъуи гъэнэхъыщхьэн, хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ органхэр зэрыыгъыу зэдзлэжьэн зэрыхуейр. Сэри схуэзфIэкI къэзгъэнэнукъым: сыт щыгъуи сыкъэзгъуэтынущ, фэ фи жэрдэмыр вдэсIыгъынущ, ди зэхуэдэ Iуэхур - республикэр егъэфIэкIуэныр - зэрыкIуэтэнум сегугъунущ.

АдэкIэ депутатхэм къызэдащтащ 2014 гъэм и республикэ бюджетыр. КъБР-м финансхэмкIэ и министр КIэрэф Мурат зэрыжиIамкIэ, бюджетым и хэхъуэр сом мелард 21-рэ мелуан 424-рэ мини 190-рэ мэхъу. Ар процент 11-м щIигъукIэ нэхъ мащIэщ нэгъабэрейм нэхърэ. Республикэр зыхуеину къабжа ахъшэр сом мелард 24-рэ мелуани 125-рэ мин 34-рэ мэхъу, абы ипкъ иткIэ бюджетыр щыщIэнущ сом меларди 2-рэ мелуан 700-рэ мин 834-рэ. Республикэ мылъкум и хэхъуэм хабжащ федеральнэ бюджетым къызэкIыну сом меларди 10-м щIигъур, налогым къызэкIыну сом меларди 10-р, налогым хэмыхьэ хэхъуэу сом мелуан 696-р. Апхуэдэ лъабжьэ зиIэ финанс дэфтэр нэхъыщхьэр кьащтащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и закон зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкI егъэджэныгъэм и Iуэхуэ» законэм я проектхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дащIыгъуныгъэхэмрэ зэпкърахри, IэIэткIэ къызэдащтащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лыкIуэм и полномочиехэр зэратым и Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советыр къызэрыдзэрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

■1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфащащ.

■Еджагъэшхуэ, КБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

■Къэрал лэжьакIуэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр, республикэм уэнщагъэр хъуэныкъмкIэ и министру щыта **Бер Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

■Биологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лыкIуэм и полномочиехэр зэратым и Iуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2013 гъэм фокIадэм и 26-м кьыдокI Унафэ №1638-м.

4. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лыкIуэм и полномочиехэр зэратым и Iуэхуэкъым.

5. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м
№ 1780-П-П

Ди лъэпкъэгъур генерал хъуащ

IЭНАТIЭ зэмылIэужьыгъуэхэм унафэщI кулыкъухэр щызэпылъхьэм офицер нэхьыщхьэхэм я щIэхэр яфIэщыным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2013 гъэм дыгъэгъаэм и 12-м кьыдигъэкIа Указ №907-мкIэ полицэм и генерал-майор щIэр фащащ Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъапIпIыныжьмкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Тюмень областым щыIэм и унафэщI **Тхьэзэплъыж Юрий Жэмал и къуэм.**

Нарткъалэ щащI унэлъащIэр нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ

УНЭЛЪАЩIЭ кьыщIигъэкIыу Нарткъалэ дэт «Русталим» жуаф зэхэтщхьэхуэхIа зыхь зэгуэхэныгъэм и продукцэр нэхъыфI дыдэхэм ящыщу кьыщалъытащ Сочэ къалэм щекIуэкIа «УнэльащIэ вернисаж-2013» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм. Урысейми ягъуэщI къэралхэми ящыщу абы зи продукцэр утыку кьыщизылъхьа Iуэхущапэу 100-м щигъум ящыщу урысейпсо конкурсым и сертификат зратар «Русталим» ООО-м и закъуэщ.

Мы Iуэхущапэм и генеральнэ директор Тау Мэчрэпилрэ абы и лэжьыгъэхэмрэ а гъэлъэгъуэныгъэм кьыщратащ «Ягъэлъэгъуа продукцэм фIагъ лъагэ зэрIэм папщIэ», «Дизайнер лэжьыгъэ нэхьыфIым папщIэ» дипломхэр. Апхуэдэу унэльащIэмрэ ар кьызыхащIыкI пкыгъуэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэм и лауреатыр.

СОКЪУР Римм.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаэм и 26, *махуэку*

■**Великобританием щагъэлъапIэ Тыгъэхэм я махуэр**

■1763 гъэм пащтыхь гуапэ Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Петербург къалэм и полицэм егъэбыдылIауэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ яп1э мафIэсгъэункIыфI гупыр.

■1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжьмкIэ Декларацэр кьащтащ.

■КъБР-м гъуэздекхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыз Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

■Эстониэ Республикэм и президент **Ильвес Тоомас Хендрик** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 2 щыхьэнущ.

Дыгъэгъаэм и 27, *мэрем*

■**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Къеогъэлакъуэм и махуэр**

■1932 гъэм СССР-м паспорт системэ щагъэуващ.

■1938 гъэм ягъэувауэ щытащ Социалист Лжьыгъэм и Лыхьужь щIэр.

■1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьиштащ Къалмыкъ АССР-р зэрыщымыIэжьым теухуа унафэ. Абы ипкъ иткIэ, я хэкум залымыгъэкIэ ирагъэIэпхьукIри СССР-м и нэгъэуэщI щIыпIэхэм яшауэ щытащ къалмыкъ мин 90 хуэдиз, советыдзэм хэт сэлэтрэ офицеру мин 20 кьыхагъэжьри, ахэри я Iыхьлыхэр здэщыIэхэм яшащ.

■1943 гъэм къызэрагъэпэщащ Астрахань областыр.

■1945 гъэм Дунейпсо валютэ фондымрэ (МВФ) КъэщIэрэщIэжьныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я дунейпсо банкымрэ (МБРР) кьызэрагъэпэщащ.

■Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, литературовед, критик **Хьэжгуащэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокIу.

■УФ-ми СССР-ми самбэмрэ дзюдомкIэ щIыхь зиIэ я тренер, Адыгеим щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Кузбэ Екъуй** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокIу.

■КъШР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къажэр Борис** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 щыхьэнущ.

Дыгъэгъаэм и 28, *щэфэт*

■**Кином и дунейпсо махуэщ**

■1905 гъэм Налшык зыкъыщыуцIэхэр хагъэщIащ.

■1959 гъэм Налшык къыщыхэIуахащ телемеханикэ аппаратурэ кьыщыщIагъэкI завод.

■1968 гъэм Мейкъуапэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и уцым «ИтIанщIэкIэ Урысейм дыщIыкъуэу фэеплъыр кьыщызэIуахащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхьэнущ.

Дыгъэгъаэм и 29, *тхьэмахуэ*

■**Биологие зэмылIэужьыгъуэгъэм и дунейпсо махуэщ**

■1708 гъэм Петр Езанэм и унафэкIэ Урысейм щыяпэу кьызэрагъэпэщащ Москва, Петербург, Киев, Смоленск, Архангелогород, Къзэан, Iуэвэ, Сыбыр губернэхэр. Абыхэм я унафэщIэм хуитыныгъэхэр яIэт - дзэ, административнэ, суд унафэхэр яIэщIэлът.

■Петр Езанэм ипхъу, урыс императрицэ **Романовэ Елизаветэ** къызэралъхуэр илъэс 304-рэ ирокIу.

■ТхахIэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхьэнущ.

Зыгъэхазырыр
ЖЪКЭМЫХЪУ Мариэт.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

ЖьыфI здэщымыIэм щIэфIи щыIэкъым.

● Iуащхьэмахуэ щIынатIэ

Саугъэтхэр сабийхэм ират

Кулиев Къайсин и цIэр зезыхьэ Iуащхьэмахуэ районым ЩIэнхабзэмкIэ и унэм сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ ильэсыщIэ концерт щатащ.

НЫБЖЬЫщIэХЭР джэгукIэ зэхуэмыдэхэм, зэпеуэхэм хэтащ. Зи узыншагъэм кьимыхь сабийхэм районым и къэрал и щытыкIэ зэрыгъэпэщащ «Жьэгу тельыджэ», «ИльэсыщIэ калейдоскоп», «ИльэсыщIэ сыныкъуэхьун?», «ИльэсыщIэр кьытхуоблагъэ» литературэ-макъамэ пшыльхьэр.

Дыгъэгъаэм и 28-м районым ЩIэнхабзэмкIэ и унэм ныбжьыщIэхэм папщIэ ильэсыщIэ концерт щекIуэкIынущ. Ауэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр щызэрагъэуIунур Тырныауз и Фэеплъ утыращ. Абдеж щызэхуэсынущ районым и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр.

«Чегет» бгым тет «Ай» шхапIэм пэгъунэгъуу бард-концерт зыбжанэ щекIуэкIынущ, щIышылэм и пэ махуэхэм. «Iуащхьэмахуэ» бгы лъапэм щыIэ «Мамырыгъэ» шхапIэм Урысейм и бард уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Калинкин Михаил концерт щитынущ.

Къуажэ псоми литературэ-макъамэ пшыльхьэр щекIуэкIынущ, театр тепльэгъуэхэр щагъэльэгъуэнущ.

ТАРИМ Алисэ.

Къэралым и псей нэхъыщхьэм

АДЫГЕЙ. ***Къэралым и псей нэхъыщхьэу нобэ Кремлым щекIуэкI ильэсыщIэпсэжьэ махуэшхуэм Адыгейм щыщ сабий 36-рэ хэтынущ.***

ИЛЬЭСИ 8 - 13 ныбжьым хиубыдэ школакIуэхэм Мэзкуу кIуэныр еджэныгъэм, творчествэм, спортым щызыIэрагъэхьа екъуIэныгъэхэм кьахуихьащ. Ахэр фIы дыдэу еджэхэрщ, щIэныгъэ олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэрщ, творческэ зэпеуэхэм я первэатхэрщ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм жьыджэру хэт ныбжьыщIэхэрщ. Абыхэм Мэзкуу къалэм зыщапIпIыхьынущ.

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Правительствэм и унэм щагъэлъапIащ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуахэр. Абы кърихьэлIащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Ксенофонтовэ Евгение, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр КIэфышэ Елдар, республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэ Тамбиев Iэбубэчыр сымэ, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр.***

ЗЭХЪХЬЭ гуапэр къызэIузыха экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министрым и къудзэ Мысрокъуэ Хьэсэмбэч зэрыжиIамкIэ, «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» урысейпсо зэпеуэм «Ерыскъыпхъэ товарэр» унэтIныныгъэм я предприяти 3, «Производственно-техникэ продукцэ» номинацэм - 2 щытекIуащ. Зэпеуэм и лауреат хъуащ Iуэхущ1апIи 3, дипломхэр 2-м къатысащ.

Илъэсыщ1эпэжьэ

АБХЪАЗ. ***Сыхъум къалэ администрацэм и гъунэгъу пащхьам щагъэуващ метр 20 зи лъагагъ илъэсыщIэ псей Iорыщ1 икIи дахащэу ягъэщIэрэщIащ.***

ТХЬЭМАХУЭ хъуэу Абхъазым дунейр щыхуабэщ икIи Илъэсыщ1эр къызэрыблагъэр кьозыгъащIэр ягъэщIэрэщIа псейрщ. Дыгъэгъаэм и 25 - 30-хэм Уэе Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ абы деж сабийхэм кьащыпэпльэнущ. Илъэсыщ1э махуэхуэхэм кьеблагъэхэр шей, какао, блинчик пщтыркIэ ягъэхьэщэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Жэня.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Щэнхабзэ лэжьыгъэр нэхъ купщІафІэ мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкІуакІэ зэІущІэм Правительствэм щыхуиха зэманым хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэхэм щэнхабзэм и иджырей инфраструктурэ зэрыщызэтрагъэувэм теухуауэ къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Аминат.

ДОКЛАД зыщІам зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм я зэпсэлъапІэ щэнхабзэм и муниципальнэ Іэухущ1апІэхэм ирагъэкІуакІ лэжьыгъэр иужьрей зэманым нэрылъагъуу йофІакІуэ. А Іэухущ1апІэхэм щыІэ цІыхубз художественнэ гъэсакІуэ хэм, зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, абыхэм хэт цІыхухэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Щэнхабзэ-эгъэпсэхупІэ Іэухущ1апІэу республикэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ 152-рэ, къуажэхэм 123-рэ щолажь. Клуб тепльэ зиІэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпщэ 1795-м щыщу 881-р сабийхэм я зэгухьэныгъэщ.

Лъэпкъ-щэнхабзэ хабзэ нэхъыфІхэр хъумэзмкІэ Іэмал лъэщу щытщ художественнэ творчествэм и цІыкубз зэгухьэныгъэхэм защІэгъэкъуэнкІэ. Апхуэдэ пэжыгъэм хеубыдэ щэнхабзэмкІэ район фестивалхэр, конкурсхэр, фольклорым и махуэшхуэхэр, гъуэджэм и цІыкубз Іэщ1агъэхэмкІэ зэпеуэхэр кьызэрэпэщ1ыр.

Карчаевэ Аминат зэІуущ1ам хэтахэр щыгъуазэ ищ1ащ цІыкубз художественнэ гупхэм я «Си щІыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэрыщ1» республикэ фестиваль-ныгъэм, «Щэнхабзэ унэ нэхъыфІ» республикэ конкурсым кьрикІуахэр кьызэрапщытэжам. «Район (кьалэ) щэнхабзэ унэ нэхъыфІ», «Къуажэ щэнхабзэ унэ нэхъыфІ» номинацэхэмкІэ текІуахэр ягъэбелджылащ. Апхуэдэу кьуажэ щІыналъэхэм щыІэ муниципальнэ Іэнхабзэ унэхэмрэ зэгъэпсэлъапІэ нэхъ гуГуу щытщ. Нобэрей гъащІэм кьеГэуэ лжьыгъэм и Іэмалыщ1экъэр кьэпльхуэн икІи кьрикІуахэми кьэпльэжащ.

Жылагъуэхэм я щэнхабзэ гъащІэр кІуэтэху нэхъ кьулей мэхъу, дэнэ щІыпІи фестивалхэр, конкурсхэр, нэгъуэщІ художественнэ зэпеуэхэр кьыщызэрагъэпщ1. Республикэм и самодеятельнэ гупхэм гъэ кьэс зэфІэкІыщхуэ кьыщагъэпльагъуэ дунейпсо, урысейпсо, щІыналъэ фестивалхэмрэ конкурсхэмрэ, - кьыжьгъэщхэхуэкІащ министрым и къуэдзэм.

Абы зэрыжиІамкІэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныжмкІэ библиотекэхэмра музейхэмра лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Кьапщтэмэ, псоми я дежкІэ зэІуха библиотекэу республикэм 166-рэ щыІэщи, абыхэм ящыщу 4-м республикэ мыхьэнэ, 162-м муниципальнэ мыхьэнэ яІэщ. Къуажэхэм библиотекэу 119-рэ щолажьэ. А библиотекэ псоми цІыху мин 260-м ныблагъэ екІуалІэу икІи тхыльу мелуани 4-рэ мин 990-рэ щІэлъу кьабжащ. Библиотекэхэм я процент 42-р иджыпсту Интернетым пыщІащ.

КъБР-м мы зэманым щыІалажьэ музей 20-м ящыщу 3-м республикэ музейм и статус яІэщ, музейиу 8 кьуажэхэм щыІэщ. Музей псоми щахьумэ экспонатэм я бжыгъэр мини 193-м щІегъу. Музейхэм гулъытэ хэха хуащІ щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэ кьалъхуу языхэм я фондхэм хэпльэр тэмэму хъумэным. Абыхэм музейм и фондхэр учет зэращІ щыкІэмрэ ахэр зэрызэрахьэмрэ зэпымыуэ ирагъэфІакІуэ.

Щэнхабзэмрэ гъуэдзджэмрэ пыщІа Іэщ1агъэхэр зэрагъэгъуэтым щытепсэльыхьым, Карчаевэ Аминат хъугъэщхьэхуКІащ республикэм профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт «Гъуэдзджэмкі Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институт» федеральнэ кьэрал Іэухущ1апІэр, профессиональнэ курыт щІэныгъэ щ1агъэгъуэт «Щэнхабзэмрэ гъуэдзджэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр колледж» кьрал федералІэ зэрыщ1алажьэр. Апхуэдэу гъуэдзджэмкІэ сабий школу 38-рэ щыІэщи, абыхэм ящыщу 15-р щылажьэр кьуажэхэрщ. А Іэухущ1апІэхэм псори зэхэту сабий мини 8-м нэс ёкІуалІэ.

- Дэ псори фІыуэ дыщыгъуазщ республикэм и кьалхэмра районхэмра щІыналъэ щ1ыщ1ыпІэхэр щыІэ. Абыхэм эстетикэ, художественнэ гъэсэныгъэ етыным нэхъ текъуэуэр зэреленжьым. Кьуажэхэр кьапщтэмэ, абыхэм я щІыналъэ, экономикэ, социальнэ зэхьэщ1ыхэхьэныгъэхэм кьыхэкІыу, апхуэдэ лэжьыгъэхэр щ1ыщ1ыпІэхэм щыІэ муниципальнэ Іэнхабзэ унэхэмра эбжьым я лэжьакІуэхэмра ахъшэ саугъэт кьжьыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа конкурсым кьрикІуахэми кьэпльэжащ.

Жылагъуэхэм я щэнхабзэ гъащІэр кІуэтэху нэхъ кьулей мэхъу, дэнэ щІыпІи фестивалхэр, конкурсхэр, нэгъуэщІ художественнэ зэпеуэхэр кьыщызэрагъэпщ1. Республикэм и самодеятельнэ гупхэм гъэ кьэс зэфІэкІыщхуэ кьыщагъэпльагъуэ дунейпсо, урысейпсо, щІыналъэ фестивалхэмра конкурсхэмра, - кьыжьгъэщхэхуэкІащ министрым и къуэдзэм.

Абы зэрыжиІамкІэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныжмкІэ библиотекэхэмра музейхэмра лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Кьапщтэмэ, псоми я дежкІэ зэІуха библиотекэу республикэм 166-рэ щыІэщи, абыхэм ящыщу 4-м республикэ мыхьэнэ, 162-м муниципальнэ мыхьэнэ яІэщ. Къуажэхэм библиотекэу 119-рэ щолажьэ. А библиотекэ псоми цІыху мин 260-м ныблагъэ екІуалІэу икІи тхыльу мелуани 4-рэ мин 990-рэ щІэлъу кьабжащ. Библиотекэхэм я процент 42-р иджыпсту Интернетым пыщІащ.

Аущ, сыт хуэдэ егупъыныгъэ щІэныгъэм ирамыкьэлІэми, республикэм и кьуажэхэм я иджырей щэнхабзэ инфраструктурэ зэмэм зэтегъэуэвэныжмкІэ зэран хъу щхьэусыгъуэ пыуыкІахэри щыІэщ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр ахьшэр кьаазэрэмэщІэкІырщ. Карчаевэ Аминат и докладым щыжиІащ щэнхабзэ Іэухущ1апІэхэм жьы хъуауэ, мыпкъурэ ахъшэкІэ иджырей кьалэнхэр зэфІэгъэкІыным хуэмыщІауэ хэтхэр зэрымымащІэр. Абыхэм иджыпсту кьагъэсэбэп оборудованэри, музыкэ Іэмэпсымэхэри, самодеятельнэ артистхэр утыку зэрихьэ фащэхэри кьеэзгъыжьыкъым, иджырей электрон Іэмэпсымэхэр зэрамыІэм и гугъу умыщІи. Щэнхабзэ Іэухущ1апІэщІэхэр ухэн, муниципальнэ щэнхабзэ Іэухущ1апІэхэм я нэхъыбапІэр капитальнэу зэгъэпэщ1ыжын хуейр.

А кьалэн мытыншхэр дэгъэкІыным теухуауэ 2013 - 2017 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» кьэрал программэр. Абы ипкъ иткІэ лжьыгъэшхуэ зэфІэгъэкІыныгъэ щэнхабзэмкІэ Іэухущ1апІэхэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ, автотранспорткІэ, компьютерэхэмкІэ, музыкэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщ1ным, щэнхабзэ-нэгъэныжь Іэухущ1апІэхэр езыгъэкІуэкІ Іэухущ1апІэхэр капитальнэ зэгъэпэщ1ыжыным икІи кьэгъэщ1эращ1эжынмрэ теухуауэ.

- Абыхэм къадэкІуэу иджыпсту гулъытэ хэха хуащІ щэнхабзэм и лжьакІуэхэм я уплаурэ нэхъыбэ щ1ыным. Мис а псори зэхэплъхьэжмэ, - жиІащ Карчаевэ Аминат, - мы Іэнхабзэм ящ1эщ1ыт кьалэн инхэр тэмэму гъэзащІэныжмкІэ сэбэп хуэну дыщ1огуГэ.

Депутатхэр доклад зыщІам куэдкІэ ещ1ащІащ. Кьапщтэмэ, Парламентым БюджетымкІэ, налогхэмра финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Ахъуэхъу Кьанщ1обий кьИэтащ щэнхабзэ-нэгъэныжь Іэухущ1ар щ1ымыгъэкІуэкІ жылагъуэхэр зэрыщ1ыІэр. Карчаевэ Аминат абы и жэуапу жиІащ апхуэдэ жылагъуэхэр блы зэрыхъур. Ауэ абыхэми Іуэху пыухыкІахэр щ1агъэкІуэкІ кьуажэхэм дэт курыт ещ1ащІэхэм. Ахъуэхъу Кьанщ1обий адэжь кьыпищащ республикэм и жылагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым - Нартан кьуажэм нобэм кьэс Щэнхабзэмкі Іэнэ зэрыщыщІэр, а Іэухущ1апІэр щ1ын щ1ащхьиу зэманри зэрымыуфызыхуар.

- Нартан дащІыхьыну Іэухущ1апІэр щ1эІтыну щІыпІэр яубзыхури, абы и Іьаб1эр щ1агъэжьынури ядэІтыкІащ, ауэ лэжьыгъэхэр абдеж кьыщ1ыуныщ1эжащ, - жиІащ министрым и къуэдзэм. - Мы хуэныгъэр «Кьуажэм зегъэужьыныр» федеральнэ программэм хагъэхьащ1, абы и фІыщ1экІэ иджырей Щэнхабзэ унэ дагъуэ ящ1ыну дыщ1огуГэ.

Законодательствэмрэ кьэрал уэрэфхэмкІэ комитетым и унафащІ Мэремыкьуэ Арсен зэІуущ1ам хэтахэм яГу кьигъэкІыжащ Лэскэн кьуажэм Щэнхабзэмкі и Іэнэ кьуэд щІауэ зэгъэпэщ1ыжын хуейр хатхауэ зэрекІуэкІыр. Ари, Карчаевэ Аминат зэрыжиІамкІэ, «2013 - 2017 гъэхэм щэнхабзэм зегъэужьыныр» республикэ программэм хагъэхьащ1а, дяпэкІэ зэрагъэпэщ1ыжыну кьыщІэкІынщ.

Курортым и Щэнхабзэ унэр зэгъэпэщ1ыжын, Театрхэм я унэр ухуэн щ1ауэ щІыну Спортымрэ туризмэмкІэ комитетым и унафащІ Сумаев Ахъмэт зыщ1эуп1ащ1ам и жэуапу Карчаевэ Аминат жиІащ курортым и Щэнхабзэ унэм дызыхуэкІуэ илъэсым и мэкъуаэгъэуэ мазэм пэжьын зэрыщ1ИдзэжнуМ. Апхуэдэу 2014 гъэр Урысейм Щэнхабзэм и илъэсу щагъэуэващи, къигъэлъэгъуащ доклад зыщІам, Театрхэм я унэр ухуэнри нагъэблагъэну дыщ1огуГэ.

ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнмрэ, щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэм я Іэухущ1апІэ комитетым и унафащІ Берд Хьэрэталий кьИэтащ политикэ пэжжаКІуэ гъэзэджэм Мэлбахъуэ Т.Кьу. и фэеплъыр кьыщІрамыГьажьэм и щхьэусыгъуэр.

- Мы Іуэхум Щэнхабзэмкі министрэм и нэІэ тригъэтащ, абы 2014 гъэм унафэ пыуыкІа игъуэтыну дыщ1огуГэ, - жиІащ министрым и къуэдзэм.

Карчаевэ Аминат ищІа докладымрэ президиумым и зэІуущ1ам кьыщыпсэльахэм жалаХэмрэ ящ1ащ иткІэ унафэ пыуыкІахэр кьащ1ащ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ ирагъэкІуэкІ щэнхабзэм зегъэужьыным, абы и пэжжаКІуэхэм я улахуэр нэхъыбэ щ1ыным республикэм щІыпІэ кьыхэкІыу хуиутІыпщ ахъшэм хигъахъуэ зэпыту иригъэкІуэкІыну, кьуажэхэм дэт щэнхабзэ Іэухущ1апІэхэр зэгъэпэщ1ыжыным, муниципальнэ щэнхабзэ Іэухущ1апІэхэр зэманым кьигъэувэм тету зэрылажьэнум хуэзщІэгъуГэуэным гулъытэ хэха хуищІыну. КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм ирагъэкІуэкІ щэнхабзэмкІэ и министерствэм чэнджэщхэм ящ1ыщ1 2014 гъэм Урысей Федерацэм Щэнхабзэм и илъэсыр щегъэкІуэкІыныжмкІэ планым хиубыдэ Іэухуэхэр гъэзэщІэныр, кьуажэхэм щэнхабзэм и Іэнатіэм зыщегъэужьыным егупъныр. Апхуэдэу министерствэм гу пыраГэзатащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ щэнхабзэм, гъуэдзджэ я лажьакІуэ нэхъ щІэрыІуэхэм я щІэныгъэ яхуэгъэзащІ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ ирагъэкІуэкІ щэнхабзэм зегъэужьыным, абы и лэжьак

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищкъэрэ Жылагъуэ

● Жэрдэмхэр

Хэкlыпlэхэр къаГъуэтыным хуэхьэзыру пlэрэ?

Урысейпсо цыхуэ? фронтыр (ОНФ) хуэхьэзырщ Путин Владимир Парламентым ЗэрызыхунГъэзам къыщыгъэльагъуэ Iуэхугъуэхэр жылагъуэм я гъусэу зэпкъиркъыну. Къэбгъэльагъуэмэ, «фронтовикхэм» загъэхьэзыр деофшоризацэм (хамэ къэралхэм я ныкъо фейдэ пылъу щызыхъуэмэ щымыгъэIэныр) нужь ихьыну, кьалэщхуэхэм я унафэщlхэм я лжьыгъэм кlэлыплыну.

УРЫСЕЙПСО цыхуэ? фронтым и штаб нэхьыщхьэм и унафэщlищыр - Говорухин Станислав, Тимофеевэ Ольгэ, Бречалов Александр - зыхэта пресс-конференцым щыжалащ Президентым кьигъуэва кьалэнхэр гъэзэщlэным теухуауэ ОНФ-м зэффигъэкlынуэр.

Говорухиным Президентым жиlам нэхъыщхьэ дыдэу кьыхиубыдыкlар, псальэм папщlэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ гулыIэ нэхьыбэ зэригъэпынурэ. «Путин Владимир и къэпсэльэныгъэр кьыз эрыщlидзар егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэщ. Иджы я Iуэхугъуитlыр зэрызэтпхыр захуагъэу кьызэолытэ. Икlэм-икlэжым а тlур кьэрал политикэм ягъэ иригъэщхэм хабжэнущ», - жиlащ режиссёрым.

И гуапэ хуауэ? Говорухиным зэхихахэм ящыщщ, экономикэм пыщlа гугъуехым емылытатуэ, Сыбыр, Къуэкlыпlэ Жыкъэ щыналъхэм зрагъэужыну Президентым зэрызэкlар.

«ОПОРА России» зэгухьэныгъэм и тхьамадэ Бречалов Александр нэхъ фlэгъэщlэгъуэн хъуар Зэрызызыгъаязм экономикэм теухуауэ хэта Iыхьэрщ. Нэхъ пыухыкlауэ жыпlэмэ, деофшоризацэр. Фигу къэдгъэкlыжьынщи, Путин Владимир кьыхилъхьащ офшорым щыlэ компаниехэр кьэрал заказым егъэжьугъэпэн хуэмейуэ. Апхуэдэ жэрдэмыр и чэзу дыдэщ, Бречаловым кьызэрильытэмкlэ, сыт щхьэкlэ жьпlэмэ, бюджетыр зэрымащlэм и щхьэусыгъуэр экономикэм зэрызимыуцыным и закъуэкъым, атlэ офшорым щыlэ компаниехэм налог Урысейм зэрыщамытырщ.

«Урысейпсо кьылагъуэ фронтым и утыкум деофшоризацэм теухуа проект кьызэрихъэнрэ си фlэщ мэхъу», - жиlащ Бречаловым. Абы щхьэкlэ фронтовикхэр унафэ ящынымэ пэпльэнукъым, атlэ езыхъэм зэрыубзыхуам тету Iуэхум нужь ихьэнущ.

Къэрал Думэм и депутат Тимофеевэ Ольгэ кьыхигъэщащ ОНФ-м кьыхилъхьа Iуэхугъуэ зыбжанэ Путиным жиlам кьызэрыщыгъэльэгъуар. Псальэм папщlэ, егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хуэмынмрэ егъэфlэкlуэным теухуауэ я кьыхалъха Iуэхугъуэхэр. Жылагъуэм, ОНФ-м хэт гуэрхэм кьыхалъхьат УФ-м и Жылагъуэ палатэм и гъэпсыкlэр хъуэжьагъуейуэ, псальэм кьыщыжаIуэу жыпlэмэ, щыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэм я лыкlуэхэр зэрыхэтым нэмыщl, Iэщlагъэ зэхуэмыдэхэм пэрытхэр къэгъэхъэн зэрыхуейм теухуар. Тимофеевэм арэзыуэ кьыхигъэщащ абы теухуа лъэпыр къэралым и унафэщlым зэрызыхъар. Икlи Путин Владимир кьыхилъхьащ Жылагъуэ палатэм хэтхэм я ныкъуэр профсоюзхэм я лыкlуэу щытым зэрыхуейр. А махуэ дыдэм Жылагъуэ палатэм и гъэпсыкlэм теухуа законым зэхьэжьыкlынымкlэ зэхъакlащ Къэрал Думэм и фракцэ псоми хэт депутатхэр зэдэарэзыуэ.

Урысейпсо цыхуэ? фронтыр лъэныкъуэкlэ кьызэрыщымытынури жиlащ Тимофеевэм, абы хэт нэхъ жьыджэрхэр ядэлжьэнуц Жылагъуэ палатэм. Апхуэдэуи «ОПОРА России» зэгухьэныгъэм и лыкlуэхэри игъэкlуэну зеГъэхьэзыр.

«Дэ дыхьэзырщи дыкlуэхэр кьэдгъэльэгъэуну, - жиlащ Бречалов Александр. - Нэхъапэрей палатэм Коркунов Андрей хэтауэ щытащ. Ари нэгъуэщlхэри дгъакlуэ хуэну си гугъащ. Дегупсысынщ».

ОНФ-р нэхъ зыгъэпытlейхэм ящыщу иджырэи зы Iуэхугъуэ кьыхэощащ Президентым Зэрызахуигъэзам. Ар щыпlэ самоуправлениемкlэ зыгъэпытlэ щыгъуэ, ныкъо-ныкъо-хэр хэпльхьэныр. Абы фронтым хэтхэр щытепсэльыхьащ дыгъэгъазэм ирагъэкlуэжьа зэхуэсым. «Къалэхэм я унафэщlу, губернатор, депутат куэд дыдэ игъэпlейтеящ я лэжьыгъэр кьызэрыгъпщытэнум», - жиlащ Тимофеевэм.

Фронтым хэтхэр хуабжьу щогугъ 2014 гъэм щыпlэ самоуправленэхэм зэхьэжьыкlынымкlэ зэхьэзыр кьахуэдзыкъым. Хабзэзубзыхуэхэм жьылагъуэм я лыкlуэхэмк щыпlэ самоуправленэр кьызэрызэгъэпэщlыпхъэм и Iэмалыщlэхэр убзыхуныр, мыльку и лъэныкъуэкlэ я Iуэхур егъэфlэкlуэныр.

«А Iуэхум зэхьэжьыкlынымкlэ зэхьэжьыкlынымкlэ зэманыр кьызэрысар псоми кьыдгурыIуэпхъэщ», - кьыхигъэщащ Тимофеевэ Ольгэ. Абы и псальэхэм щыщщ иджыпсту мылькуи унафи зыIыщlэмызы муниципалитет куэд зэрыщыlэр. Мы зы гъэугъкlэ я реформэр зэрегъэкlуэкlыпхъэ Iэмал щхьэхуэ щыlэкъым. Президентми кьызэрыхигъащащи, ауэ фронтовикхэр хьэзырщ езыхэм кьызэрагъэпэща утыкуэм я Iуэхур щызэпкърахыну, хэкlыпlэхэр кьагъэутыну.

ПЕТРОВ Виталий.

● Iуэхуэ

Ди мелардхэр кьыдэфтыж

псынщlэ лъэпсейхэр къащхэу. Абыхэм щlат налогышхуэхэр а банкхэм я дежкlэ хэхъуэ зыгъэзынщ. Политикэ бгъэдыхьэкlи хэтыщ мы Iуэхум - хамэ къэрал активхэр Кьуэхьэпlэм дежкlэ сэбэп нэхъу ди кьулыкъущlэхэмрэ политикэм рэ хъарзынэщ мылькур зэрызэхадыгъуэм, абы Урысейм и лъэр зэрыщlиудым кlэлъыплъынщ.

Хабзэм къемызэгъыу кьулей хъуэхм папщlэ лажьэ унафэ щхьэхуэ кьащтэм хуейщ. Ар сэбэп хъунущ зи лэжьапlэм ящыщ щхьэдэх мыльку зиlэ кьулыкъущlэхэр жэуапым ешэлlэныжкlэ. Ди фlэщ мэхъу, Iуэлъхьэ Iыхьыным ерыщу пэщlэт УФ-м и Президент Путин Владимир ди Iуэху епльыкlэр кьыдиIыпльыну. Иджыблагъэ абы унафэ кьиштащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и структурэм Iуэлъхьэм пэщlэтыныжкlэ Iуэхущlапlэ кьыщыдзэгъэпэщыным теухуауэ. Абы и унафэщl хъуащ Плохой Олег. Iуэхущlапlэм и нэлэ щlигъэтыфынущ хабзэхьэм, кlэлъыплъакlуэ. нэгъуэщlкlэ къэрал органхэм я Iуэхущlафэхэр.

КАБАНОВ Кирилл,
Iуэлъхьэм пэщlэтыныжкlэ лъэныкъуэкlэ къэралыгъэм и унафэщl.

● Щlэмрэ жьымрэ

Электрон хьэмэ тхылъымпlэ тхылъ нэхъ къафщтэр?

Носик Антон,
блогер, журналист

- Абы зэныкъуэкъу лей хэлъын хуейуэ къэслытэрэкъым. Цlыхум и зэфlэкlри акъылри нэсащ тхылъхэр электроннэу пхъумэну зэрынэхъ тынышм ящыщынэмыщlауэ, нэгъуэщlлъэныкъуэхэмкlи нэхъ кьеэзгъуэ зэрыщытым. Авиацэмрэ космонавтикэмрэ щlыхур зэрыхэкlуам ещхьщ ари. А Iэмалыщlэмкlэ щlыхум нэхъ тынщу щlэныгъэ зрегъэгъуэт.

Бунимович Евгений,
сабийхэм я хуитныгъэхэр хьумэныкlэ уполномоченнэу Москва къалэ щыIэ

- Сэ ебым тхылъ сотх, сыегъэджакlуэщи, зым хэзмыдэжууи тхылъым и Iэфlыр фlыуэ сощlэ, ауэ зыужьныгъэр гъащlэм и лъэныкъуэ куэдым лъэIэсащ, абы ящыщщ электрон тхылъхэри. Тхылъ кьыззыгуэкlыр планшеткlэ яхъуэжым кьищынэмыщlауэ, ар егъэджэныгъэм и нэгъуэщlлъэныкъуэ гъэрщ. Зыщlщгъэгъупщэнкlэ Iэмал иIэкъым класс-урэк ухуэкlэр тхылъым дэщlыгъуэу кьыззэрыунэхуар. Иджырей школыр нэгъуэщl хъунущ.

Пастернак Борис,
тхылъ тедзэ

- Электрон тхылъхэр егъэджэныгъэм дежкlэ икъукlэ тынщщи, абы нэхъри зеГъэубгъуэн хуейуэ кьызоIылъэтэ. Ауэ си дежкlэ тlури зэщlыгъуэ къэгъэсэбэпыным мыхьэнэщхуэ иIэщ. Си щхьэкlэ нэхъыфlу слъагъу тхылъхэр тедзауэ сиIэщ, электроннэу зыIохьэ зэ фlэкl сызэмыджэну е справочнэ щlыкlэу щытхэр. Согузавэ щlыхум дежкlэ тынщыщэ электрон тхылъхэр щlыхум и Iуэху зыхэмыльхъэ хэ псэнщэ гъэр хъункlэ.

Вяземский Юрий,
теленэтынхэр езыгъэкlуэкlэ

- Сэ кьызэрыслъытэмкlэ, ди банкэм тхыдэр зэраджыну щlыкlэм «жьэрыIуатэбзэми тхылъкlэми» апхуэдэу мыхьэнэщхуэ иIэкъым. Нэхъыщхьэр абы купщlэ иIэныщ. Ар си банкэм хуэзгъадэ «Iущхьэр Iущыщэхмрэ» нэтыным хэтхэмкlэ нэрылъагъу щlохъу, абыхэм тхылъкlи Интернеткlи я дерсхэм зыхуагъэхьэзыр. Ауэ Интернетым тхылъхэр псори илъын хуейщ.

Поляков Юрий,
тхакlуэ

- Си къуэрыльхуэхэм ятепщlыхьмэ, щlалэгъуалэм куэд щlауэ кьагъэссэбэныр электрон Iэмалхэрщ. Абы кьыхэкlыу электрон тхылъхэр ди гъащlэм нэхъ кууэ кьыхьхьэнымкlэ зэран хьу лъэпкъ слъагъуркъым. Нэгъуэщlкlэ Iуэлъхьэкlэ убгъэдыхьэмэ, дуней псом электрон тхылъхэмкlэ рынокыр зэрагъэнщlар процент 25-рэ къудейщ. Цlыхухэр электрон тхылъ куэду ерджэр пэжми, тхылъ кьызэрыгуэкlым и пщlэр зыкlи нэхъ. Пьахъщэкъым.

Бордачев Тимофей,
политолог

- Си гугъэкъым электрон тхылъхэм школым щрагъэгъэт щlагьнгъэм зыгуэркlэ зригъэхъуэжьну. Си щхьэкlэ школакlуэхэм ират унэ пэжыгъэр, Iэмал зэриIэкlэ, нэхъ мащlэ сщlынт. Школым тхылъ тэмэмкlэ ущеджэн, унэр унагъуэм хуэхаущ щlыхьэ зыхъэщlауи, зым хъсмкlыкъу адрейм утехьэнщ сфlэтэмэмкъым. Ауэ дэ ди деж щезыгъаджэхэм куэд щlауэ планшетыр яIыгъуэ фlэкlа кьакlуэрэкъым, лицензэ зиlэ еджапlэ нэхъыщхьэ псоми хуэдэу, дэри ди студентхэм электрон библиотекэ гъэутыгъуафlэ кьахуэзэдгъэпэщын хуейуэ ди кьалэнщ.

Козлов Максим,
Москва дэт псэкупсэ академием и профессор

- Си щхьэкlэ Iэмалитымкlи сыарэзыщ. Тхылъым и фlыпlэр фlыуэ зыхэсщlащи, зэуэ зым уасмкlыкъу адрейм утехьэнщ сфlэтэмэмкъым. Ауэ дэ ди деж щезыгъаджэхэм куэд щlауэ планшетыр яIыгъуэ фlэкlа кьакlуэрэкъым, лицензэ зиlэ еджапlэ нэхъыщхьэ псоми хуэдэу, дэри ди студентхэм электрон библиотекэ гъэутыгъуафlэ кьахуэзэдгъэпэщын хуейуэ ди кьалэнщ.

Козлов Михаил,
Гнесинхэм я цlэр зезыхьэ макъамэ школым и унафэщl

- Электрон тхылъхэр си щхьэкlэ сфlэкъабылщ. Ауэ сабийхэм ар кьаэзыкуэгъэсэбэным щыуэ ящыгъуэзэу, школым щезыгъэсэн зэрыщыIэр пщlэуэ щытын хуейщ. Планшетэм утехьэжьи и пэ кьихуэу ящыгъэльапхъэщ ар адэ-анэм яхуэгъэжьауурэр яхуэмыгъэзэжьхэм.

Гурцкая Дианэ,
узрэджьакlуэ

- Гъэ ькакlуэ си кьуэр школым кlуэнщи, дауи, тхылъ хьэпсэкlэ кьрихэжьыгъуэ и бгыр игъэузыну сыхуейтэкъым. Ауэ школым дыщыщlэсым тфlэфыпсу библиотекэм тхылъхэр кьыщыгъэлъхьуэзу зэрыщытар сигу кьокlжри, сыхуейщ си кьуэми тхылъымпlэм и Iэфlыр зыхиущlну.

«Российская газета».

● Энергетикэ

Зэфlагъэкlахэмрэ саугъэтхэмрэ

«Кавказ Ищкъэрэм и щынальэхэм электрокьаур ятезыгуашэ компание» акционер обществэ зэIухам («МРСК СК» ОАО) и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и хэщlапlэм дыгъэгъазэм и 20-м Энергетикым и махуэр щагъэльэпlащ. Абы ирагъэблагъащ Iуэхущlапlэм и ветеранхэмрэ и Iэнатlэ псоми я лыкlуэхэмрэ. Пщlэжэ, дзжьыгъэм зыкъжжаныкlэхэр яГъэпэжьи и пэ кьихуэу, щынальэ къудамэм и унафэщl Гъубжокьуэ Юрэ илъэсыр зыхуэдам, зэфlагъэкlа хьуэкъым кьытеувыIащ, щlымахуэ льэхъэнэм кьапэщытхэр игъэбелджылащ.

- ФЫЗЭРЫЩЫГъУАЗЭЩI, энергетикэм ди гъащlэм кьалэнышхуэ щегъэзащlэ. Сыту жыпlэмэ, экономикэм и лъабжьэр кьыззэгъэпэщ Iуэхущlапlэ псоми абы епхащ, щlымахуэм тыншыпlэ, хуабэрэ нэхурэ ярет. Дэ ди нэIэм щlэтщ электроподстанцэ 72-рэ, трансформатор подстанцыминитым иэблагъэ, я лъщагъкlэ эзэщхьщхьауэ токыр зэретт кlапсэу километр мин пщыкlуэзым щlигъу. Аэр ди лэжьакlуэ 1267-м зэрахьэ икlи республикэм и Iэнатlэхэмрэ и щыхъэжьмрэ электрокьаруэ зэпlэзэрыту кьызэрагъэпэщ, - кьигъэльэгъуащ абы гуфlэгъуэ зэхьэкъуэ щыщыIэуихыным.

